



## Komisyon Otis

# Yon Bwochi Gid Resous pou Moun ki gen Maladi Otis la (“Autism”, ASD) ak Fanmi yo (ki gen 3 a 14 an laj)

## Yon ti pale sou Komisyon Otis la

Ann out 2014, Eta Massachusetts la te pase yon lwa remakab, Ch. 226 nan Lwa 2014 yo, ki rele “Lwa Otis Konplè” a, ki te tabli Komisyon Otis la kòm yon antite pèmanan. Responsabilite Komisyon an se pou I fè rekòmandasyon sou politik ki gen yon efè sou moun ki gen ASD atravè lavi yo, epi pou I bay Gouvènè a ak Lejislati a yon rapò chak ane. Komisyon an gen 35 manm, san wete reprezantan òganizasyon leta, òganizasyon ki plede pou dwa moun, paran, ak yon moun k ap plede pou pwòp tèt li. Se Gouvènè Baker ki te nome premye Direktè Egzekitif Komisyon Otis la an mas 2016. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Otis la, tanpri, vizite sit wèb nou an nan [www.mass.gov/autism](http://www.mass.gov/autism)

Tanpri, note sa: Òganizasyon Leta yo ak distri lekòl publik yo gen sèvis entèprt ak tradiktè disponib, lè yo bezwen sa, pou ede fanmi ak moun ki gen ASD.

Yo ranmase enfòmasyon ki nan bwochi sa a pou ede moun ak fanmi pi byen konprann diferan kalite resous ki gen nan Eta Massachusetts la ki gendwa disponib pou moun ki gen ASD. Gen yon ti deskripsyon resous sa yo ak lyen pou sit wèb òganizasyon leta yo ak lòt resous ki itil, yon fason pou ede moun ak fanmi jwenn resous sa yo.

*Bwochi sa a fèt pou fè moun ak fanmi konnen ki resous ki GENDWA disponib pou moun ki gen ASD, ANPLIS DE sèvis edikasyon espesyal distri lekòl yo bay selon pwogram edikasyon pèsònèl (IEP) yo.*

# Organizasyon Leta

## Depatman Sèvis Developmantal (DDS)

Depatman Sèvis Developmantal la (DDS) bay fon pou pwogram sipò fanmi ak sèvis atravè eta a ki fèt pou bay fanmi ki gen timoun ak adilt ki gen andikap e k ap viv lakay yo enfòmasyon, asistans, ak yon seri sèvis sipò.

<http://www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dds/>

## Renonsyasyon Medicaid pou Timoun ki gen Otis

Renonsyasyon Medicaid pou timoun ki gen otis la se yon pwogram sèvis entansif nan kay la ak lòt sèvis pou timoun ki gen otis. Fanmi yo dwe fè demann sèvis sa yo. Timoun ki kalifye dwe:

1) Kalifye pou Medicaid; 2) gen 0 a 8 an; ak 3) riske etène nan yon etablisman leta, swa kounye a, swa alavni. Se Depatman Sèvis Developmantal la (DDS) ki jere pwogram sa a. Sou sèten dat, DDS pèmèt moun depoze demann pou pwogram nan. Kantite moun yo ka ede ak pwogram nan limite. Pou w jwenn plis enfomasyon sou Renonsyasyon Medicaid pou Timoun ki gen Otis la:

- W ap jwenn lyen pou enfòmasyon sou Renonsyasyon Sèvis Otis DDS la nan [www.mass.gov/eohhs/provider/licensing/programs/autism-waiver/](http://www.mass.gov/eohhs/provider/licensing/programs/autism-waiver/)
- Moun Mass. k ap Plede pou Timoun, Sant Otis la,  
<http://massadvocates.org/autism/>
- Masslegalhelp.org, Renonsyasyon Medikal pou Timoun ki gen Otis,  
<http://www.masslegalhelp.org/school/childrens-autism-medicaid-waiver-alert>

## Pwogram Depatman Edikasyon Primè e Segondè (DESE) & Depatman Sèvis Developmantal (DDS)

Pwogram DESE/DDS la ede elèv ki gen 6 a 17 an jwenn sipò terapi ak sèvis nan kay la ki baze sou kominote a. Patisipan ki kalifye yo dwe montre yo bezwen sèvis yo pou anpeche yo al abite nan yon plasman rezidansyèl ki pa lakay yo e ki pi kwense. Pwogram sa a soutni fanmi yo tou avèk yon timoun ki t al abite nan yon lekòl rezidansyèl epi ki tounen nan kay la. [www.mass.gov/dds-dese-program](http://www.mass.gov/dds-dese-program)

# Òganizasyon Leta

## Sant Sipò Fanmi Depatman Sèvis Developmantal (DDS)

Sant Sipò Fanmi ki gen atravè eta a sèvi kòm yon prezans lokal e yo aji kòm yon sant pou ofri anpil differan sèvis sipò fanmi jeneral ak aktivite ki ede fanmi ki gen timoun oswa adilt ki kalifye pou sèvis DDS.

<http://www.mass.gov/eohhs/docs/dmr/reports/family-support/family-support-directory.pdf>

## 7 Sant Sipò Otis Depatman Sèvis Developmantal (DDS)

Sant sipò Otis yo, ki gen DDS ki bay yo fon, gen pou misyon bay timoun ak adilt ki gen ASD ak fanmi yo sipò atravè Massachusetts. Sant sipò Otis yo ofri fòmasyon, atelye, ak aktivite pou ede branche fanmi e pèmèt timoun yo ak adilt yo ki gen ASD vin manm entegre konplè kominote yo. Lyen an ak lis la ki pi ba pral gide w anvè sant sipò ki pi pre kominote pa w la.

[www.mass.gov/service-details/autism-support-centers-list](http://www.mass.gov/service-details/autism-support-centers-list)

## Sant Sipò Otis

Advocates, Inc. (Avoka)/Autism Alliance of Metrowest (Alyans Otis ki nan Metrowest)  
(508) 652-9900  
[www.autismalliance.org](http://www.autismalliance.org)

Autism Resource Center (Sant Resous Otis): Sant MA  
(508) 835-4278  
[www.autismresourcecentral.org](http://www.autismresourcecentral.org)

Northeast ARC (Sant Rechèch Otis ki nan Nòdès)  
(978) 777-9135 x2301 oswa 2302  
[www.ne-arcautismsupportcenter.org](http://www.ne-arcautismsupportcenter.org)

TILL (Vè Lavi ak Aprantisaj Endepandan): Sant Sipò Otis  
(781) 302-4600  
[www.tillinc.org/autism\\_training.html](http://www.tillinc.org/autism_training.html)

Autism Connections (Lyezon Otis):  
Lwès MA  
(413) 529-2428  
<https://pathlightgroup.org/programs-and-services/autism-connections>

The Family Autism Center (Sant Otis Fanmi an): Norfolk Co. & Zòn ki Ozalantou yo  
(781) 762-4001 x310  
[www.arcsothernfolk.org/family-autism-center.html](http://www.arcsothernfolk.org/family-autism-center.html)

Community Autism Resources (Resous Otis Kominotè): Sidès MA  
508-379-0371  
[www.community-autism-resources.com](http://www.community-autism-resources.com)

# Asirans Sante

## Lwa Massachusetts sou Asirans Otis (ARICA)

ARICA egzije kèk konpayi asirans ki Massachusetts pou yo kouvri detèminasyon ak tretman Maladi Otis la. Se pa tout plan asirans prive ki oblige kouvri tretman otis. Mande konpayi asirans pa w la ki jan yo kouvri tretman otis nan pwogram pa w, san wete si yo kouvri sèvis ABA (Analiz Konpòtman Aplike) ak aparèy AAC (Lòt Kalite Kominikasyon Ogmante).  
<http://www.mass.gov/eohhs/docs/eohhs/autism/arica-factsheet.pdf>

## Sant Resous Asirans Otis, ki fè pati Sant Eunice Kennedy Shriver a ki nan Lekòl Medikal Umass la

Sant Resous Asirans Otis la bay enfòmasyon, asistans, fòmasyon, seminè sou entènèt, ak lòt resous ki gratis sou kesyon ki gen rapò ak asirans medikal pou tretman otis.

[www.massairc.org](http://www.massairc.org)

## Sèvis MassHealth: MassHealth oswa Mass CommonHealth

MassHealth (kòm yon asirans prensipal) oswa Mass CommonHealth (kòm yon asirans segondè) bay plis pase 1 milyon timoun, fanmi, granmoun, ak moun ki gen andikap ki Massachusetts asirans sante konplè (oubyen yo ede yo peye asirans sante prive).

<http://www.mass.gov/eohhs/gov/departments/masshealth/or>

<http://www.mass.gov/service-details/masshealth-coverage-types-for-individuals-and-families-including-people-with>

Sèvis Kliyantèl MassHealth: 1-800-841-2900

Si yo detèmine pitit ou gen ASD, li gendwa kalifye pa mwayen MassHealth pou Sèvis Analiz Konpòtman Aplike (ABA), aparèy lòt kalite komunikasyon ogmante (AAC), sèvis Asistan Swen Pèsonèl (PCA), oswa inisyativ sante konpòtmantal timoun nan (CBHI).

# Asirans Sante

## Analiz KonpòtmanAplike (ABA)

Timoun ki gen mwens pase 21 an ki gen otis e ki gen MassHealth Estanda, CommonHealth, ak Asistans Fanmi gen dwa jwenn sèvis ABA ki medikalman nesesè. Yo kouvri manm ki gen MassHealth kòm asirans segondè yo tou.

[massairc.org/masshealth-autism-insurance-faqs/information-about-masshealth-aba-coverage-frequently-asked-questions/](http://massairc.org/masshealth-autism-insurance-faqs/information-about-masshealth-aba-coverage-frequently-asked-questions/)

(note sa: sèvis sa yo t ap anplis sèvis timoun ou jwenn nan lekòl li)

## Aparèy Lòt Kalite Kominikasyon Ogmante (AAC)

Anplis asirans lan kouvri sèvis ABA, li kouvri aparèy Lòt Kalite Kominikasyon Ogmante (AAC) tou. Anplis de sa, MassHealth kouvri tablèt elektwonik pou moun ki gen ASD ka kominike.

<http://www.mass.gov/eohhs/docs/masshealth/guidelines/mng-aac.pdf>

## Asistan Swen Pèsonèl (PCA) ki soti nan MassHealth

Pwogram PCA a ede moun ki gen andikap ki pèmanan oubyen ki kwonik rete endepandan, rete nan kominote a, epi jere swen pèsonèl yo lè I ba yo fon pou yo peye asistan swen pèsonèl (PCA). Konsomatè PCA a (moun k ap resevwa sèvis PCA) se anplwayè PCA a, e se li menm ki konplètman responsab chwazi, peye, pwograme, fòme, e si sa nesesè, revoke PCA yo.

<http://www.mass.gov/masshealth-personal-care-attendant-pca-program>

## Inisyativ Sante Konpòtmantal Timoun (CBHI)

CBHI asire timoun ki gen MassHealth ki gen 21 an oubyen mwens, ki gen bonjan bezwen nan domèn konpòtman, emosyon, ak sante mantal, ansanm ak fanmi yo, jwenn sèvis yo bezwen pou yo reyisi nan kay la, nan lekòl la, nan kominote a, epi atravè tout lavi yo.

[www.mass.gov/masshealth/cbhi](http://www.mass.gov/masshealth/cbhi)

# Depatman Edikasyon Primè e Segondè

Depatman Edikasyon Elementè e Segondè a (ESE) devwe pou yo prepare tout elèv pou yo reyisi nan monn k ap tann yo apre lekòl segondè a.

## Konsèy Asistans Teknik

Li reprezante gid “pi bon pratik” ki soti nan Depatman Edikasyon Primè e Segondè a pou abòde yon chanjman nan lwa sou edikasyon espesyal la ki te fèt an 2006 ki afekte pwogram edikasyon espesyal pou elèv ki gen andikap otis. Objektif konsèy sa a se pou ede distri lekòl ak lòt moun ki enterese yo konprann nouvo egzijans sa yo epi aplike pi bon pratik k ap pèmèt yo konble bezwen elèv sa yo.

[http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/07\\_1ta.html](http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/07_1ta.html)

## Biwo Planifikasyon ak Politik Edikasyon Espesyal

Sèvis edikasyon espesyal ki pèsonalize fèt pou elèv ki gen andikap ki (akoz andikap yo) bezwen fòmasyon espesyalize oswa lòt sèvis, yon fason pou yo fè pwogrè nan pwogram edikasyon jeneral la epi pou yo pwofite “lavi” lekòl la. Biwo Planifikasyon ak Politik Edikasyon Espesyal la gen anpil resous ki disponib pou fanmi yo.

<http://www.doe.mass.edu/sped/>

Resous sa yo gen ladan yo Gid ak Konsèy Asistans Teknik. Kèk nan resous sa yo bay enfòmasyon ki patikilyèman pou moun ki gen ASD.

<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/default.html>

## Siveyans Lekòl Biblik (PSM)

Se PSM ki siveye konfòmite pou Depatman an epi ki bay pèsonèl lekòl yo ak publik la asistans teknik konsènan aplikasyon lwa ak regleman.

<http://www.doe.mass.edu/pqa/781-338-3000>

## Sistèm Rezolisyon Pwoblèm (PRS)

PRS resevwa e rezoud plent nan men publik la konsènan pwoblèm avèk edikasyon espesyal.

<http://www.doe.mass.edu/pqa/prs/781-338-3700>

# Depatman Edikasyon Primè e Segondè (kontinye)

## Yon Gid pou Paran sou Edikasyon Espesyal

Se Federasyon Timoun ki gen Bezwèn Espesyal la ki te ekri l an kolaborasyon avèk Depatman Edikasyon Primè e Segondè Massachusetts la. Gid la se yon resous pou paran ak òganizasyon ki sèvi yo. Gid la gen ladan l enfòmasyon ki pi ajou e ki pi presi konsènan edikasyon espesyal nan Massachusetts.

<http://fcsn.org/parents-guide>

## Resous pou Prevansyon Brimad ak Entèvansyon

Dokiman sa a ede lekòl yo ak Ekip IEP yo anpeche yo bay elèv ki gen andikap brimad.

<http://www.doe.mass.edu/bullying/considerations-bully.html>

## Lòt Resous

### Rezo "Asperger"/Otis (AANE)

AANE travay avèk moun, fanmi, ak pwofesonèl pou ede moun ki gen Sendwòm "Asperger" oswa lòt kalite otis, pou yo ka mennen bonjan vi ki branche, lè yo bay yo enfòmasyon, edikasyon, kominate, sipò, ak lè yo defann dwa yo, e yo fè tout sa nan yon anviwònman ki montre valè ak respè.

<http://www.aane.org/>

### Austism Speaks (Otis Pale)

Otis Pale bay yon bwat zouti sou entènèt ki fèt pou ede fanmi ak timoun ki gen ant 5 a 13 an ki te fèk aprann yo gen otis pou yo fè fas ak peryòd difisil ki vini tousuit apre yo detèmine yo gen otis.

<https://www.autismspeaks.org/family-services/tool-kits>

### Family Ties of Massachusetts (Lyen Familyal Massachusetts)

Lyen Familyal se yon lis resous pou fanmi ki gen timoun ak jèn ki gen bezwen espesyal.

<http://www.massfamilyties.org/>

# Lòt Resous

## Komisyon Otis – Gid sou Sèvis Tranzisyon Ou ka Enprime

Yon gid yo fè pou ede fanmi ak moun pi byen konprann differan resous ki egziste nan eta a ki gendwa disponib pou yon moun ki gen ASD.

[www.mass.gov/service-details/secondary-](http://www.mass.gov/service-details/secondary-)

## Exceptional Lives (Vi Eksepsyonèl)

Vi Eksepsyonèl ofri yon Lis Resous gratis, yon lis donnен ou ka rechèche sou entènèt ki gen pwogram andikap ak founisè, ak Gid Kòman Fè ki gratis, ki ede moun etap pa etap pou yo suiv pwosesis tankou edikasyon espesyal, asirans sante, zafè responsab, ak SSI (Revni Sekirite Siplementè).

[www.exceptionallives.org](http://www.exceptionallives.org)

## Federasyon pou Bezwén Espesyal (FCSN)

Federasyon pou Timoun ki gen Bezwén Espesyal la bay enfòmasyon, sipò, ak asistans pou paran timoun ki gen andikap, patnè pwofesyonèl yo, ak kominate yo. Yo devwe pou yo koute e aprann nan men fanmi yo epi yo ankouraje tout moun, sitou moun ki gen andikap, pou yo patisipe plènman nan vi kominate a.

<http://fcsn.org/>

## Sant Otis pou Avoka pou Timoun Massachusetts

Sant Otis pou Avoka pou Timoun Massachusetts la travay avèk fonksyonè ki nome ak patnè pou kreye lwa ak regleman pou asire timoun ak jèn adilt ki gen maladi otis (ASD) ka jwenn sèvis ak resous yo bezwen pou yo ka rive atenn maksimòm yo.

<http://massadvocates.org/autism>

## Wrightslaw

Resous sa a bay paran, anseyan, moun k ap defann dwa, ak avoka enfòmasyon ki fyab e ki egzak konsènan lwa sou edikasyon espesyal, lwa sou edikasyon, ak zafè defann dwa timoun ki gen andikap.

[www.wrightslaw.com](http://www.wrightslaw.com)

Kontakte Komisyón Otis la

Carolyn Kain, Direktris Egzekitif

500 Harrison Ave

Boston, MA 02118

(617) 624-7848

[www.mass.gov/autism](http://www.mass.gov/autism)

